



Pou Piblikasyon Imedya: 18/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AVANSMAN PWOGRAM POU DEPLWAYE PLIS
PASE 50,000 NOUVO ESTASYON REHAJ EV ATRAVÈ ETA A.**

***PSC Vote pou avanse Pwogram 'EV Make-Ready' a pou ankouraje pwodiktè sèvis
piblik ak estasyon yo pou yo mete enfrastrikti rechaj veyikil elektrik yo kote
li nan avantaj piblik la***

***Deplwaman akselere plis pase 50,000 estasyon rechaj piblik ak komèsyal -- enkli
1,500 estasyon rechaj rapid DC -- disi 2025 pral ogmante estasyon rechaj ki pa
rezidansyèl NY yo pa dis***

***Pwogram nan estimile 1.5 milya dola nan nouvo investisman, sa ki founi plis
pase 2.6 milya dola nan avantaj konsomatè yo***

***Li ofri opòtinite ekonomik ak 206 milyon dola ki dedye nan avantaj kominote
defavorize yo***

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse konpayi sèvis piblik yo kapab aplike konplètman pwogram revolisyonè enfrastrikti veyikil elektrik New York la ke yo rele "EV Make-Ready," ki pral deplwaye plis pase 50,000 nouvo estasyon rechaj piblik ak komèsyal Nivo 2 nan eta a disi 2025 - sa k ap ogmante kantite estasyon rechaj ki pa rezidansyèl nan Eta New York a plis pase dis fwa an kat ane.

Anons sa a vini apre Komisyon Sèvis Piblik Eta a ki apwouve règ kontablite yo ke tout gwo sèvis piblik ke investisè yo posede nan Eta New York — Central Hudson Gas & Electric Corporation, Consolidated Edison Company of New York, Inc., New York State Electric & Gas Corporation, National Grid, Orange and Rockland Utilities, Inc. ak Rochester Gas and Electric Corporation — kapab kontinye aplike pwogram nan.

"New York ap dirije nasyon an nan inovasyon enèji pwòp pou konbat chanjman klimatik epi pote jistis anviwònmanal nan kominote ki afekte yo, epi desizyon jodi a ap mennen nou nan yon etap pi pre yon avni ki pi vèt, san emisyon", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram EV Make-Ready a fèt pou ede elektrifye sektè transpò nou an epi sipòte manda nou an pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon ki vann nan eta a disi 2035 degaje zewo emisyon, pandan l ap asire tout Nouyòkè yo benefisye lè ki pi pwòp ak kreyasyon nouvo travay ki byen peye."

Pwogram EV Make-Ready a bay finansman pou enfrastrikti yo egzije a pou sipòte plis pase 50,000 nouvo estasyon rechaj piblik ak komèsyal Nivo 2, ki kapab chaje yon machin omwen de fwa pi vit pase yon priz estanda ki nan mi, ak 1,500 estasyon rechaj rapid piblik (kouran kontini) DC nan New York an rekonesans ak wòl esansyèl ke estasyon rechaj piblik rapid yo pral jwe akoutèm pou kalme ansanm enkyetid yo. Anvan pwogram nan te kòmanse, te gen 4,571 chajè ki piblikman aksesib nan tout eta a. Pwogram sa a pral ogmante kantite chajè ki aksesib piblikman nan Eta New York plis pase de fwa.

Pwogram EV Make-Ready a finanse pa sèvis piblik ke investisè posede nan Eta New York epi kreye yon pwogram pataj depans ki ankouraje devlopè sèvis piblik yo ak pò rechaj yo pou enstale enfrastrikti rechaj veyikil elektrik chaje enfrastrikti nan kote ki pral founi maksimòm avantaj pou konsomatè yo. Komisyon an te limite bidjè total la a 701 milyon dola epi li pral dire jiska 2025, ak yon minimòm 206 milyon dola ki te atribye atravè aksè ekitab ak avantaj nan kominote ki pi fèb yo sou plan sosyo-ekonomik epi ki defavorize. Estasyon rechaj EV nan kominote ki pi fèb yo kalifye tou pou yon pi wo ankourajman k'ap sipòte jiska 100 pousan nan depans yo pou fè yon sit pare pou rechaje EV yo. Règ ki gouvènè pwogram EV Make-Ready yo deja anvigè sou yon baz tanporè depi 1e janvye 2021. Desizyon jodi a fè règ sa yo pèmanan.

Ankouraje investisman prive nan pò rechaj rapid ki aksesib piblikman pral ankouraje mache EV la nan New York pandan pwochen ane yo. Pandan ke premye konsantrasyon yo te sou pwojè finansman ki te lokalize nan kominote ki sèvi pa sèvis piblik ke investisè yo posede, Komisyon an te deklare ke objektif pou avanse objektif elektrifikasyon transpò eta a, elaji aksè ak transpò pwòp, epi redwi emisyon nan kominote defavorize yo enpòtan atravè tout eta a.

Manm Asanble Michael Cusick, Prezidan Komite Asanbme a sou Enèji, te deklare, "Anons jodi a demontre angajman fèm Eta New York pou li dirije nasyon an nan elektrifikasyon sektè transpò a, ki reprezante prèske yon tyè nan emisyon gaz ki lakòz efè sèr nou yo nan tout eta a. Pwogram EV Make-Ready a enpòtan anpil pou konstwi enfrastrikti rechaj veyikil elektrik nou an epi asire nou prepare pou tranzisyon an pou ale nan yon sektè transpò elektrik."

Prezidan Komisyon Fonksyon Piblik la Rory M. Christian te deklare, "Nou dwe elektrifye sistèm rapid nou an rapidman pou nou ka reyalize yon ekonomi kabòn zewo. Inisyativ enèji pwòp ak investisman ki planifye pou ane kap vini New York yo pral asire ke yo mete an plas enfrastrikti ki nesèsè pou atenn sib rediksyon ki lakòz efè sèr nou yo."

Manm Asanble William Magnarelli, Prezidan, Komite Transpò a, te deklare, "Pwogram EV Make-Ready a etabli enfrastrikti pou estasyon chaj piblik yo ki fè reyalize objektif nou yo nan yon avni ki pi vèt, san emisyon nan sektè transpò nou an pi pratik. Si gen yon bagay mwen kenbe nan odyans piblik yo sou machin elektrik yo se ke nou p ap reyisi ak piblik la jiskaske nou abòde enkyetid moun yo genyen pa rapò ak veyikil

elektrik yo. Pwogram sa apwopriye epi li eseye adrese li. Mwen felisite gouvènè a dèske li fè avanse dosye sa a."

Sektè transpò a responsab pi gwo kontribisyon nan polisyon gaz a efè sèr nan peyi a, epi emisyon sa yo ogmante plis pase nenpòt ki lòt sektè nan 30 dènye ane yo. Ankouraje devlopman akselere ak alontèm enfrastrikti rechaj ki pral ofri Nouyòkè yo plis pase 2.6 milya dola benefis nèt epi li kore akonplisman bi elektrifikasyon transpò ak enèji pwòp Eta a. Elektrifye transpò a pral pèmèt Nouyòkè yo alimante veyikil ak sous enèji ki pi pwòp, ak enèji renouvelab ki reprezante yon pòsyon k'ap grandi nan apwovizyonman elektrisite eta a. Chwa anplasman konsekan pou enfrastrikti rechaj la pral kore rediksyon kou enstalasyon, amelyore akseptasyon lokal la epi maksimize itilizasyon nan men chofè yo.

Otorite Enèji Long Island (Long Island Power Authority, LIPA), ak founisè sèvis li a, PSEG Long Island te anonse tou yon objektif pou sipòte 180,000 nouvo EV nan Long Island ak 4,745 nouvo estasyon rechaj EV dis 2025, ak yon investisman pwopoze ki estime a 89 milyon dola nan enfrastrikti pou preparasyon an nan kay pwochè ane yo.

Kliyan nan Long Island ak nan lòt rejyon Eta New York ki pa nan teritwa sèvis yon sèvis piblik ke yon investisè posede kapab pwofite [konsepsyon konpetisyon pri](#) inovatè ak kapasite administratif NYSERDA devlope pou "Pri Transpò Pwòp New York" (New York Clean Transportation Prizes) yo.

Objektif Komisyon an pou avanse objektif elektrifikasyon transpò eta a, elaji aksè ak transpò pwòp, epi redwi emisyon nan kominote ki defavorize yo, tout kominote yo atravè eta a ta dwe pouswiv yo, san yo pa konsidere founisè sèvis elektrik patikilye yo oswa kad regilatwa yo ki gouvènè sèvis sa, epi yon apwòch kowòdone nan tout eta a nesèsè pou satisfè egzijans Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) yo, epi pou tout Nouyòkè ta dwe patisipe nan avantaj CLCPA a yo.

CLCPA a gen ladann egzijans pou tout ajans eta yo priyorize rediksyon gaz ki lakòz efè sèr nan kominote ki defavorize yo epi pou omwen 35 pousan nan benefis jeneral yo nan depans pwogram enèji pwòp yo benefisye kominote defavorize yo. Depans EV Make-Ready yo gen ladan travay preparasyon ke sèvis piblik la posede, travay preparasyon ke kliyan posede, aplikasyon preparasyon ak lòt depans pwogram yo.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lalwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou chimen pou l akonpli objektif li pou yon sektè elektrisite ki gen zewo-emisyon rive lane 2040, ki gen ladan l 70 pousan pwodiksyon enèji renouvelab rive 2030 epi atenn netralite kabòn. Li chita sou investisman san presedan ke Eta New York la te reyalize pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase

21 milya dola nan 91 pwojè enèji renouvlab ki fèt sou gran echèl nan Eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe plis pase 150,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2019, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Avèk Lwa sou Klima a kòm gid li, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)